

English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè): Glosè tèm nou itilize yo

English Learner Education (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè)

Moun k ap aprann anglè / Moun k ap aprann anglè

An anglè: English Language Learner (ELL) / English Learner (EL)

Elèv ki ap aprann anglè epi ki poko metrize l. Yo kapab resevwa sipò anplis nan lekòl la pou amelyore konpetans yo an anglè.

Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè

IAn anglè: English Learner Education (ELE)

Anseye anglè ak moun ki pale yon lòt lang lakay. Li enplike ansèyman metòd, lesон ak tès pou ede Moun k ap aprann anglè a amelyore anglè yo a.

Anglè kòm yon dezyèm lang

An anglè: English as a Second Language (ESL)

Konsepsyon klas la fèt pou moun ki pale yon lòt lang lakay. Klas sa a konsantre l sou devlopman konpetans nan pale, tandé, li ak ekri an anglè.

Ansèyman pou Moun k ap aprann Anglè

An anglè: ELE Program

Ansam ansèyman ki òganize nan lang anglè ak kontni ki gen enstriksyon ki gen kòm objektif anseye anglè bay moun ki pale yon lòt lang lakay. Nou kapab jwenn pwogram sa yo nan lekòl ak distri yo, epi li gen ladan l pratik lekti, ekriti, pale ak tandé.

Konpetans nan anglè

IAn anglè: English Proficiency

Kapasite pou itilize lang anglè yon fason ki efikas epi ki egzak pou tandé, pale, fè lekti, ak ekriti.

Moun k ap aprann nan plizyè lang

An anglè: Multilingual Learner (ML)

Moun k ap aprann nan plis pase yon lang.

English Learner Education (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè) Opsyon pou pwogram plasman ki ka disponib

Imèsyon nan Pwogram Anglè Pwoteje

An anglè: Sheltered English Immersion (SEI)

Yon pwogram kote yo ajiste lesón yo, konsa elèv la a ap kapab konprann epi patisipe nan lesón an nan nivo anglè yo gen aktyèlman. Yo anseye tout bagay ann anglè.

Edikasyon nan De (2) Lang / Imèsyon nan De (2) Fason

An anglè: Dual Language Education or Two-Way Immersion (TWI)

Yon pwogram ki ede elèv yo aprann alafwa anglè ak yon lòt lang. Li ka gen ladann elèv ki pale anglè lakay ak elèv ki pale yon lòt lang lakay.

Ansèyman Bileng pou Tranzisyon

An anglè: Transitional Bilingual Education (TBE)

Yon pwogram kote elèv yo itilize lang yo pale lakay yo pou ede yo aprann anglè ak lòt sijè. Pandan y ap vin pi bon nan Anglè a, yo itilize lang natif yo mwens.

Lòt pwogram bileng

An anglè: Other Bilingual Program

Distri ou a ka ofri pwogram yo pa konsidere kòm SEI, Dual Language (De (2) lang) oswa TBE. Pwogram sa yo ap toujou sipòte timoun ou an nan aprann anglè.

Glosè, paj 2

Lòt tèm

Evalyasyon

An anglè: Assessment

Yon lòt mo yo itilize pou tès. Tèm ou ka tande nan distri lekòl ou a ki gen rapò ak evalyasyon tankou ACCESS ak WIDA.

ACCESS se yon evalyasyon pou konpetans nan lang Anglè, epi WIDA se òganizasyon ki kreye ACCESS la.

Pwogram Edikasyon Endividyalize

An anglè: Individualized Education Program (IEP)

Si yon elèv gen yon andikap, li ka kalifye pou yon Sèvis Edikasyon Espesyal. Yo dekri sèvis sa yo nan yon dokiman ki rele Pwogram Edikasyon Endividyalize. Si yon Moun k ap Aprann Anglè kalifye pou Edikasyon Espesyal, lekòl la dwe bay toulède kalite sipò yo.

Konsèy Defans pou Paran Aprenan Lang Anglè a

An anglè: English Learner Parent Advisory Council (ELPAC)

Yon gwoup paran ki gen elèv ki se Moun K ap Aprann Anglè epi k ap aprann youn ak lòt. Yo fè sa pandan y ap pataje opinyon sou pwoblèm ki afekte Moun K ap Aprann Anglè. ELPAC yo egziste nan distri lekòl ki gen kèk pouvantaj moun k ap aprann Anglè.



So Eta a pou moun ki aprann nan de (2) lang (Biyalphabetizasyon)

An anglè: Massachusetts State Seal of Biliteracy

Yon rekonpans yo bay elèv ki kapab pale, li ak ekri byen nan de (2) oswa plizyè lang tankou anglè. Elèv yo kalifye pou genyen rekonpans sa a lè yo gradye nan lekòl segondè.

Notifikasyon

An anglè: Notification

Yon lèt oswa mesaj lekòl la voye bay paran yo. Li bay enfòmasyon enpòtan sou ansèyman timoun yo, tankou chanjman nan klas oswa pwogram yo.

Plasman

An anglè: Placement

Pwogram English Learner (Moun k ap aprann anglè) timoun ou an ap patisipe a.

Pwogram ELE nou jwenn jeneralman yo se: Sheltered English Immersion (Imèsyon nan Pwogram Anglè Pwoteje), Dual Language Education (Edikasyon nan De (2) Lang) oswa Two-Way Immersion (Imèsyon nan De (2) Fason), ak lòt Pwogram Bileng yo.

Jwenn plis enfòmasyon sou English Learner Parent Advisory Council (ELPAC) (Konsèy Defans pou Paran Aprenan Lang Anglè a), yon gwoup fanmi ki reyini ansanm pou pale sou English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè).